# TÚRKIY TILLERINDE DIMINUTIV BIRLIKLERDIŃ IZERTLENIWI

**Sarsenbaeva Q.M.**
*QMU 2-kurs tayansh doktorantı*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15689408

Diminutiv birlikler erte waqıtlardan berli ilimpazlardıń dıqqatın awdarıp kelgen. Bul birliklerdi "Diminutivler", "Erkeletiwshi-kishireytiwshi birlikler", "Modal formalar" yamasa "Subiektiv baha formaları" dep te ataydı. Atlıqlardıń kishireytiwshi suffikslerin bólek klassqa ajıratıw áyyemgi grek avtorlarınıń miynetlerinen baslanǵan. Aristotel "Ritorika" atlı miynetinde kishireytiw degenimiz-bul jaqsılıq penen jamanlıqtı ózinen góre az kórsetetuǵın máni deydi [5;13].

Sonıń menen birge, sol dáwirdiń bizge jetip kelgen jalǵız grammatikası-Dionisiy Frakskiydiń "Grammatika óneri" atlı miynetinde dórendi atlıqlardıń jeti túriniń biri etip erkeletiwshi atlıqlar alınǵan. Bul miynette: "Erkeletiwshi- bul tiykarǵı atlıqtı kishireytiw, mısalı: *kishkene adam, tas, bala* [1;179].

Diminutiv birlikler tyurkologiyada da kóplegen tilshi-ilimpazlardıń dıqqat orayında bolıp kelgen. Bul másele A.M.Sherbak tárepinen túrkiy tillerdi salıstırıw arqalı úyrenilgen. Túrkmen tilindegi erkeletiw hám kishireytiw formaların A.Muradov leksika-grammatikalıq kategoriya dep qarap, bul formalardıń morfologiyalıq hám sintaksislik usıllar arqalı bildiriletuǵının kórsetken. Hátteki kelbetliktiń dárejelerin jasawshı *–ımtıl/imtil, -ǵılt/gilt, –raq/rek* affikslerin de kishireytiw formaların jasawshı qurallar qatarına jatqaradı [3;15,21].

Qazaq til biliminde A.Isqaqov kishireytiwshi-erkeletiwshi affiksler haqqında bılay dep jazadı: "Usınday affiksler arqalı jasalǵan atlıqlar dórendi atlıqlar bolǵanı menen, jańa sózler emes, olar ózleri dóregen tórkinlerinen tek sál basqasha aytılǵan, yaǵnıy sál ayrıqsha reńk(оттенок) berilip aytılǵan formaları sıpatında jumsaladı. Endi bul formalar arqalı jasalǵan sózler atlıqtıń ishinde ayrıqsha semantikalıq toparınıń biri retinde qaralıwı tiyis, sonıń menen birge, bul topar atlıqtıń emociyalıq hám ekspressivlik reńklerdi bildiretuǵın ishki kategoriyası sıpatında esaplanıwı kerek" [4;201-203].

Ózbek til biliminde R.Hadyatullaev, A.Hojiev, R.Qunǵurov, R.Ikramova, A.Ǵulomov, Z.Marufov, M.Shamsiyeva hám taǵı basqalar subiektiv baha formasın, olardıń tábiyatın, mánilerin, tildegi atqaratuǵın xizmetlerin úyrengen.

Qaraqalpaq tilinde diminutiv birlikler tiykarınan morfologiyalıq usıl arqalı jasaladı. Qaraqalpaq tilinde sóz jasalıw ilimiy tiykarda N.A.Baskakovtıń "Karakalpakskiy yazik" miynetinen baslanadı. Atalǵan miynette burınnan úyrenilip

kiyatırǵan dástúr boyınsha hárbir sóz shaqabınıń quramında leksikalıq sóz jasalıw usılı, morfologiyalıq sóz jasalıw usılı hám sintaksislik sóz jasalıw usılı sıyaqlı úsh túrli usılda úyreniwi kórsetiledi.

1990-jıllarǵa kelip sóz jasalıw qaraqalpaq tilinde morfologiyanıń quramınan bólinip, til biliminiń óz aldına bir arawı retinde izertlew obiekti boldı [7;16-17].

Qaraqalpaq tilinde subiektiv maǵana formasın bildiriwshi formalardan (diminutivler) xarakterlileri bolıp kishireytiwshi hám erkeletiwshi maǵanalar bildiriwshi affiksler esaplanadı. Kishireytiwshi hám erkeletiwshi maǵana bildiriwshi affiksler jalǵanǵan sózler hár qaysısń óz leksikalıq mánilerine qaray qosımsha ráwishte kishilikti de bildiredi,

**-sha-she** forması. Bul forma túbir atlıqlarǵa jalǵanıp, predmettiń áwelgisine qaraǵanda kishkene ekenligin ańlatadı: *maydan-maydansha, sandıq-sandıqsha, tayaq-tayaqsha, qutı-qutısha, dápter-dáptershe, juldız-juldızsha.*

Geyde *–sha-she* affiksi jalǵanǵan sózler kishireyiw maǵanasın joytıp, semantikalıq jaqtan ózgeriwi nátiyjesinde jańa leksikalıq máni bildirip ketiwi de múmkin: *qızılsha, naysha, gúlshe, aysha (Aysha degen menshikli adam atı da usı aysha degen ǵalabalıq atlıqtan kelip shıqqan).* Bul sózlerdegi *–sha-she* formaları ózleriniń sóz jasawshılıq (affikslik) qásiyetin joytqan hám sonlıqtan bunday atlıqlar túbir hám affikslerge ajıralmay, usı turısında pútin bir sóz (atlıq) dep qaraladı.

**-shaq-shek-shıq-shik** formaları janlı predmetlerge de sonday-aq jansız predmetlerge de jalǵanıp tiykarınan alǵanda, kishireytiw mánilerin, sonıń menen birge geyde erkeletiw mánilerin de bildiredi. Mısalı: *qulın-qulınshaq, tay-tayınshaq, gúdi-gúdishek, ilme-ilmeshek, qap-qapshıq, úy-úyshik, kól-kólshik, tóbe-tóbeshik, úyin-úyinshik t.b.*

Joqarıdaǵı *–sha-she* formasına usap, *-shaq-shek, -shıq-shik* formaları jalǵanǵan sózlerdiń ishinde de ózleriniń kishireytiw yamasa erkeletiwshi maǵanaların joytıp, semantikalıq ózgeriske ushırawı nátiyjesinde jańa leksikalıq mánige iye bolıp ketkenleri de ushırasadı. Onday sózlerdiń qatarına *jutqınshaq, tulımshaq, kelinshek, oyınshıq, degershik, kópshik* usaǵan sózlerdi jatqarıwǵa boladı. Bul sózlerdegi *–shaq-shek-shıq-shik* formaların da sóz mánisin kishireytiwshi yamasa erkeletiwshi maǵanaların bildiriwshi qásiyetlerin joytqan hám sonlıqtan túbir jáne affikslerge ajıratılmaytuǵın, usı qáddine pútin sóz dep qaralatuǵın sózlerden esaplaǵan maqul.

**-Alaq-laq** forması janlı predmetlerdi (kóbinese janlı jániwarlardı) bildiretuǵın atlıq sózlerdiń keynine jalǵanıp kelip, kishireytiw hám erkeletiw maǵanaların bildiredi: *Qız-qızalaq, bota-botalaq, tay-taylaq. Qızıl shaqalaq degendegi shaqalaqtıń sostavındaǵı – laq* forması júda kishkene, júda jas degendi ańlatadı.

**-y-ay-ey** forması tiykarınan alǵanda, tuwısqanlıq qarım-qatnastı bildiretuǵın birli-yarım atlıq sózlerdiń keynine jalǵanıp, erkeletiw maǵanasın ańlatıp keledi: *aǵa-aǵay, apa-apay, sheshe-sheshey, baba-babay, ata-atay.* Qaraqalpaq tilinde bul formanıń qollanılıw órisi tar, ol joqarıda mısalǵa keltirilgen belgili muǵdardaǵı sózlerde ǵana ushırasadı. Geypara tyurkologlar bul formanı erte zamandaǵı shaqırıw sepliginiń qaldıǵı dep qaraydı. Usıǵan baylanıslı ayırım tilshi ilimpazlar bul formanı shaqırıw forması (Звательная форма) dep te ataydı.

Geypara jaǵdaylarda erkeletiw maǵanası adamnıń qádirli anatomıyalıq múshelerin bildiretuǵın sózlerdiń keynine tartım affiksleri **(ádette I betiniń forması)** jalǵanıwınan da ańlasıladı. Mısalı: *bawırım, janım, qarar kózim, shıraǵım, qaraǵım* t.b. Bul sózlerdegi **ım-im** formasın haqıyqat tartım mánisin bildirip turǵan tartım forması dep qaramay, erkeletiw maǵanasın ańlatıp turǵan subiektiv maǵana forması dep qaraǵan maqul.

Sonıń menen qatar qaraqalpaq tilinde geypara jaǵdaylarda adam atların qısqartıp aytıw arqalı da hám sonday-aq adamnıń tolıq atların qısqartıp yáki tek dáslepki buwınınıń keynine házirgi tilimizde affiks halına túsip qalǵan **áke** sózin qosıp aytıw arqalı da erkeletiw maǵanaları ańlasıladı. Máselen: *Biybixatsha, Biybijamal degen atlardı Biybish dep qısqartıp aytıp erkeletiw maǵanasın bildiredi Atamurattı-Ateke, Tazagúldi-Tazash, Jıǵagúldi-Jıǵash* dep aytıwda usı adamlardıń tolıq atların qısqartıw arqalı oǵan erkeletiw maǵanasın beriw ushın islengen [6;67-69].

Qazaq tilinde de diminutivler tiykarınan morfologiyalıq usıl arqalı affikler járdeminde jasaladı.

**-shıq (shik), -shaq (-shek).** Bul afiksler atlıqlardan kishireytiwshi maǵanalı atlıq jasaydı. Mısalı: *Úyshik, qapshıq, dorbashıq, túyinshek, kelinshek, jutqınshaq t.b* [2;46].

**-sha (-she).** Atlıqlardan kishireytiwshi maǵanalı atlıq jasaytın ónimli affikslerdiń biri. Mısalı: *kitapsha, sandıqsha, qutısha, kórpeshe t.b.*

**-tay, -qay, -jan**. Mısalı: *apatay, aǵatay, kóketay, erketay, kenjetay, balaqay, aǵajan, kókejan t.b.*

**-ek**: tikenek

**-laq**: taylaq [2;47].

Menshikli atlıq bolatın sózlerdiń qazaq tilinde mınanday túrleri bar

1. Adamnıń qádimgi atı-jóni menen laqap atı: *Abay, Muxtar, Tólegen Toxtarov, Jayaw Musa, Balwan Sholaq (shın atı-Nurmaǵambet), Botakóz, Záwresh, Aldar kóse*

2. Qazaqta ózinen úlken adamnıń atın (kóbinese er adamnıń atın) tolıq atamay, *Sársenbay bolsa, Sáke dep, Qudaybergen bolsa, Qudeke* h.t.b dep húrmet-izzet penen ataytın dástúr bar. Bunday sózler de menshikli atlıqtıń usı toparına kiredi [2;49].

Ózbek tili aglyutinativ tiller qatarına kirgeni ushın bul tilde erkeletiwshi-kishireytiwshi affiksler de keń tarqalǵan. Ózbek tilinde atlıqlarǵa –*(a)loq (botaloq), -jon (Davronjon), -xon (Nigoraxon), -niso (Oyniso), -gina, (-kina, -qina) (pichagina), -cha (qopcha), -choq (toychoq), -chak (kelinchak), -chiq (qopchiq), -bibi (Oybibi), -boy (Davlatboy), -bek (Ravshanbek), -toy (erkatoy), -poshsha (Oyposhsha), -sho, -mirza (Davlatmirza), -qul (Pirimqul), -gul (Oygul), -bonu (Shahnozabonu), -beka (Gulbeka), -bekach* sıyaqlı suffiksler qosılǵanda erkeletiw mánisi ańlatıladı [8;34].

Demek, kórip turǵanımızday túrkiy tiller qatarına kiretuǵın qaraqalpaq, qazaq hám ózbek tillerinde diminutiv birlikler tiykarınan morfologiyalıq usıl arqalı affiksler járdeminde jasaladı. Joqarıda atap ótken 3 tilde de menshikli adam atlarına erkeletiwshi affikslerdi qosıw arqalı da diminutiv birlikler jasalatuǵınınıń gúwası bolıwımız múmkin.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Античные теории языка и стиля. Сборник под общ. Ред. Фрейденберг. – Л.: ОГИЗ, 1936. – С.179.
2. И.Кеңесбаев, А.Ысқақов, К.Аханов  Қазақ тили грамматикасы I бөлим Фонетика мен Морфология сегиз жылдық мектептиң 5-6-кластарына арналған тузетилип, толықтырылып он бесинши басылыуы Қазақ ССР Оқу министрлиги бекиткен Мектеп баспасы Алматы-1966.
3. Мурадов А. Выражение ласкательности и уменьшительности в именах туркменского языка: Автореф.дис…канд.филол.наук.- Ашхабад, 1975. Б.15,21
4. Ысқақов А. Қазіргі қазақ тілі (Морфология). Алматы: Мектеп,1964.-Б.201-203
5. Bekbergenova G. Házirgi qaraqalpaq tilindegi atlıqtıń subiektiv baha formaları. Kand.dis. Nókis-2021.
6. Házirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. Nókis Qaraqalpaqstan 1981 (67-68-69-betler)].
7. Házirgi qaraqalpaq tiliniń sóz jasalıw sisteması Nókis "Ilim" 2021 16-17 betler M.Dáwletov M.Qudaybergenov.
8. Samigova X.B. Ingliz va ózbek tillarida erkalash funkcional-semantik maydoni kand.dis. Toshkent-2010 34-bet].